Eske gen moun ki gen andikap, malad grav, oswa bezwen atansyon medikal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès ?: _____	Ki andikap?			
Eske te gen moun ki te nan fanmi akèy a 18 lane oswa pi gran toujou? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès ? _____	Nan ki eta ? _____			
Eske gen moun ki peye pou gadri timoun oswa swen pou yon gramoun ki gen yon andikap pou li ka ale travay, lekòl oswa pran fòmasyon? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, konbyen kòb chak mwa ?	Kantite chak mwa: \$ _____	Kiyès ki resevwa swen ? _____		
Eske gen moun ki peye pou ale nan travay? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, konbyen kòb chak mwa ?	Kantite chak mwa: \$ _____	Kijan w vwayaje (bis, tren, machin, metwo)? _____		
Si w itilize yon machin:					
Konbyen kilomèt ale retou pou ale nan travay ?	Kilomèt: _____	Konbyen jou chak semèn ?	Jou yo: _____	Konbyen kòb ou peye machin nan chak mwa ?	Kantite chak mwa: \$ _____

Enfòmasyon sou taks

Ranpli seksyon sa a si w ap aplike pou swen sante. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike sèlman pou SNAP..

Eske gen moun k ap planifye ranpli deklarasyon enpo federal LÒT ANE? Wi Non

Si wi, ranpli tablo anba a.

Mete chak moun ki pral fè taks. Si w ap fè taks ansanm, mete mari oswa madanm lan nan menm ranje a.

Remak: Yon moun ki depann ka reklame sèlman pa yon sèl moun ki deklare taks. Pou moun ki deklare taks ansanm, ou sèlman bezwen lis moun ki depann yo pou moun ki pral siyen fòmilè taks la.

Mete non chak moun ki planifye pou fè yon deklarasyon taks	Eske moun sa a pral deklare taks ansanm ak mari oswa madanm li? Wi/Non	Si wi, mete non mari/madanm nan	Eske moun sa a pral reklame moun ki depann? Wi/Non	si wi, mete nom moun ki depann (yo)

Eske gen moun y ap reklame kòm yon moun ki depann sou deklarasyon taks yon lòt moun? Wi Non Si repons lan se wi, ranpli tablo ki anba a.

Mete moun ki depann oswa moun ki deklare taks pou depann ki pral reklame.

Remak: Ou pa bezwen ranpli tablo sa a si moun ki pral reklame a deja parèt kòm yon moun ki depann pi wo a.

Non depandan an	Non kontribyab k ap deklare taks la	Relasyon ak kontribyab k ap deklare taks la

Dediksyon taks

Ranpli seksyon sa a si w ap aplike pou swen sante. Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike sèlman pou SNAP.

Si gen moun ki peye pou sèten bagay ki ka dedwi sou deklarasyon taks sou revni federal, enfòme nou sou yo ka fè pri kouvèti swen sante a vin yon ti jan pi ba.

Remak: Si w ap travay pou pwòp tèt ou, pa enkli yon depans ou pral mete kòm yon depans sou fòmilè taks Schedule C (Anèks C) ou an (pa egzanp, depans machin ak kamyon, depresyasyon, salè anplwaye ak benefis adisyonèl, elatriye).

Eske gen moun ki gen depans ki soti nan: (✓ Koche wi)	Wi	Ki moun ki gen depans sa ?	Chak kilè depans sa peye ? (Yon fwa, chak mwa, chak trimès, de fwa chak ane, chak ane)	Konbyen kòb ?
Dediksyon enterè prè etidyan				
Dediksyon asirans sante pou moun ki travay pou pwòp tèt yo				
Pati dediktib taks pou travay pou pwòp tèt ou				
Dediksyon kont pou ekonomize pou sante				
Lòt (espesifye)				

Resous (yo rele tou “byen”)

Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike sèlman pou benefis SNAP oswa si w ap aplike pou swen sante epi ou reponn youn nan eksepsyon sa yo: ansent; timoun ki gen mwens pase 21 lane; gen yon timoun ki depann ki gen mwens pase 21 lane k ap viv avè w; ou pa gen yon andikap e ou gen mwens pase 65 lane.

Mete tout resous tankou lajan kach, machin, aksyon, obligasyon, kont labank, pwopriyete, asirans vi, elatriye. Tanpri revize nenpòt enfòmasyon ki ekri pi ba a. Si enfòmasyon sa a pa kòrèk, tanpri bare l epi ekri enfòmasyon ki kòrèk la.

Revni

Mete tout revni tankou salè, travay pou pwòp tèt, panson, benefis Sekirite Sosyal, konpansasyon chomaj, konpansasyon pou travayè, sipò, jwèt aza/loto, elatriye. **Tanpri revize nenpòt enfòmasyon ki ekri pi ba a.**

Si enfòmasyon sa a pa kòrèk, tanpri bare l epi ekri enfòmasyon ki kòrèk la.

Dediksyon anvan taks

Mete nenpòt dediksyon anvan taks ki pran nan revni brit la, tankou prim asirans sante/dantè/vizyon/lavi, kontribisyón 401(k) oswa kontribisyón kont retrèt, kontribisyón Kont Epay Fanmi (Family Savings Account, FSA) oswa Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA).

Non	Dediksyon	Kantite kòb chak mwa

Asirans Sante

Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike sèlman pou SNAP.

Èske gen moun w ap aplike pou yo ki gen kouvèti asirans sante? Wi Non

Èske gen moun w ap aplike pou yo ki te gen kouvèti asirans sante nan 90 dènye jou yo? Wi Non

Si ou gen (oswa te gen nan 90 dènye jou yo) plis pase yon kalite kouvèti swen sante, tanpri ranpli yon bwat pou chak polis.

Remak: Si ou gen plis pase yon politik, ou pral bezwen fè yon kopí paj yo epi atache yo.

Kalite kouvèti swen sante	<input type="checkbox"/> Asirans anplwayè <input type="checkbox"/> Medicare <input type="checkbox"/> TRICARE* <input type="checkbox"/> Peace Corps <input type="checkbox"/> Plan endividylè	
<input type="checkbox"/> Lòt _____		
Mete non moun ki (oswa te) kouvrir		
Non moun ki gen polis la::	Prenon: _____	Siyati: _____
Non konpayi asirans la:	Prenon: _____	Siyati: _____
Nimewo polis la:	Prenon: _____	Siyati: _____
Non/Nimewo gwoup :	Prenon: _____	Siyati: _____
Kisa ki (te) kouvrir ?	<input type="checkbox"/> Swen Lopital <input type="checkbox"/> Preskripsyon <input type="checkbox"/> Swen je <input type="checkbox"/> Vizit doktè <input type="checkbox"/> Dantè	Èske sa a (oswa te) yon plan avèk benefis limite (tankou yon politik aksidan lekòl)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Kilè asirans sa a te kòmanse?	<input type="checkbox"/>	Kilè asirans sa a te sispann (oswa pral sispann)? (Kite sa a vid si w toujou gen kouvèti asirans) <input type="checkbox"/>
Eske asirans sante sa a te fini (oswa pral fini) paske moun ki gen polis la te pèdi travay (demisyon, revoke, kite) oswa chanje travay?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	si wi, kiyès ki pèdi kouvèti ?
Èske nenpòt timoun te pèdi kouvèti asirans sante (oswa pral pèdi) paske anplwayè a te sispann ofri kouvèti?		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

*Pa koché si ou gen swen dirèk oswa Line of Duty (Liy Responsabilite).

Asirans Sante nan men Anplwayè ou a

Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike pou SNAP sèlman.

Èske gen moun w ap aplike pou yo ki ofri asirans sante nan yon travay? Wi Non Koche wi menm si kouvèti a soti nan travay yon lòt moun, tankou yon paran oswa mari/madanm.

Si wi, ranpli seksyon sa a ak tout enfòmasyon ou kapab nan Apandis A: Kouvèti Sante Travay.

Èske se plan benefis anplwaye eta a? Wi Non Èske se kouvèti COBRA? Wi Non

Èske se yon plan sante pou retrete? Wi Non

Si yo ofri w kouvèti sante nan travay ou, èske ou (oswa ta) bezwen peye pou kouvèti ou a? Wi Non

Èske ou (oswa ta) bezwen peye pou kouvèti pitit ou yo? Wi Non

Ki pri kouvèti fanmi atravè plan sante gwoup anplwayè ou a?

Ki pri pou kouvrir pitit ou yo atravè plan sante gwoup anplwayè ou a?

Depans yo

Seksyon sa se pou moun k ap aplike pou SNAP yo.

Tanpri pale nou de depans ou yo pou w ka jwenn pi gwo benefis posib. Si yo mande sa, ou dwe bay prèv pou depans ou yo..

- Nan nenpòt ki moman, ou ka rapòte depans fanmi ou yo bay nou, e nou ka mande ou pou bay prèv pou yo..

Èske gen nenpòt moun nan kay ou a ki peye panson ali-mantè timoun bay yon moun ki pa viv avè w?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske gen moun nan kay ou a ki gen asistans pou kay ? Si wi, ki asistans ? _____	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Si wi, èske se tribunal ki te bay lòd la ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, èske w gen yon alokasyon pou sèvis piblik yo ? _____	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske manje fè pati lwaye w la ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske gen moun ki p ap vin nan kay ou a ki peye nan depans ou yo ? Si se sa, ki depans ? Konbyen kòb? _____ Chak kilè? _____ Bay kiyès ? _____	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Èske w peye pou chofaj ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Èske w peye pou klimatizasyon santral oubyen èske w pase klimatisè nan chann (yo) ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Koche nenpòt depans ki peye chak mwa pa ou oswa nenpòt moun nan kay ou. Tanpri koche menm si ou sèlman peye yon pati nan fakti a.			
<input type="checkbox"/> Telefòn <input type="checkbox"/> Dlo <input type="checkbox"/> Fatra <input type="checkbox"/> Enstalasyon sèvis piblik	<input type="checkbox"/> Kouran		
<input type="checkbox"/> Lwil, chabon, bwa, kerozèn <input type="checkbox"/> Tou egou <input type="checkbox"/> Gaz <input type="checkbox"/> Propàn	<input type="checkbox"/> Lòt _____		

Si ou gen nenpòt nan depans sa yo, konbyen ou peye pa mwa?

Lwaye: \$ _____ Frè Ko-pwopriyete: \$ _____

Ipòtèk \$ _____ Taks sou pwopriyete: \$ _____ Asirans pou mèt kay: \$ _____

Depans medikal

Seksyon sa se pou demandè SNAP.

Ou ka jwenn plis benefis SNAP si gen yon moun nan kay ou ki gen 60 lane oswa plis, oswa ki gen yon andikap, epi ou ka bay prèv pou depans medikal yo.

Koche nenpòt depans medikal ke ou menm oswa yon moun nan kay ou peye:

<input type="checkbox"/> Fakti dantè	<input type="checkbox"/> Nenpòt pri pou ale nan randevou medikal, tretman medikal, oswa pou pran preskripsyon. Sa yo ka gen ladan pri tankou taksi ak transpò piblik..
<input type="checkbox"/> Fakti doktè	
<input type="checkbox"/> Fakti lopital	<input type="checkbox"/> Èd Sante (moun nan kay ou a pou ede ak trètman medikal yo).
<input type="checkbox"/> Prim asirans sante oswa Medicare	<input type="checkbox"/> Materyèl ki gen pou wè ak lasante (tankou linèt pou je, aparèy pou tandé, kouch pou granmoun).
<input type="checkbox"/> Ekipman medikal	<input type="checkbox"/> Preskripsi medikaman
<input type="checkbox"/> Lòt:	

- Si ou pa rapòte oswa verifye nenpòt nan depans ki nan lis la, sa ap konsidere kòm yon deklarasyon nan men fanmi ou ke ou pa vle resevwa yon dediksyon pou depans ki pa rapòte yo.

Manm fanmi ki absan

Seksyon sa se pou moun k ap aplike pou lajan yo

Si gen nenpòt moun ki ap aplike pou yon timoun ki gen paran ki pa viv nan kay ou **oswa** si gen nenpòt moun ki ap aplike ki gen yon mari oswa madamm ki pa viv nan kay ou, tanpri reponn kesyon sa yo pou nou ka eseye jwenn sipò. Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a si bay enfòmasyon sa a oswa chèche sipò ap mete ou oswa manm fanmi ou nan ris vyolans domestik, oswa si sa ap fè li pi difisil pou sove nan vyolans domestik, oswa si pitit ou a fèt kòm rezulta vyòl oswa ensès, oswa si ou ap konsidere adopsyon.

Si li ta yon pwoblèm pou ou bay enfòmasyon sa a oswa chèche sipò akoz vyolans domestik, vyòl oswa ensè, oswa paske ou ap konsidere mete yon timoun pou adopsyon, koche bwat sa a:

Non moun ki gen yon fanmi ki absan:	Non fanmi ki absan:	Moun ki absan an se:
		<input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Mari/Madanm

Non moun ki gen yon fanmi ki absan:	Non fanmi ki absan:	Moun ki absan an se:
		<input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Mari/Madanm

Non moun ki gen yon fanmi ki absan:	Non fanmi ki absan:	Moun ki absan an se:
		<input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Mari/Madanm

▶ Si ou ap aplike pou asistans lajan, ou dwe nonmen paran nenpòt timoun minè, epi ede Seksyon Relasyon Domestik (Domestic Relations Section, DRS) kolekte sipò lè w bay enfòmasyon yo bezwen, sòf si ou gen yon bon rezon. Si ou pa ede DRS lè w bay enfòmasyon ki nesesè yo epi ou pa gen yon bon rezon pou sa, nenpòt montan asistans lajan ou apwouye pou li a ap diminye omwen 25 pouasan.

Si yo apwouye ou pou asistans lajan, ou dwe bay Depatman an ak DRS dwa pou kolekte lajan pou ou ak pou lòt moun ou ap aplike yo. Lalwa deklare dwa sipò pral atribye a eta a si w aksepte asistans lajan.

Si yo peye sipò pou yon timoun ki resevwa asistans lajan, fanmi an ka jwenn kèk nan sipò a anplis sibvansyon asistans lajan an..

Enkèt sou Dosye Kriminèl

Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo si w ap aplike pou swen sante sèlman.

Tanpri reponn kesyon ki swiv la yo pou ou menm ak nenpòt lòt moun w ap aplike pou yo:

Èske gen nenpòt moun ki gen yon somasyon oswa yon manda pou parèt kòm yon akize nan yon pwosedi tribinal kriminèl?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès ?
Èske gen nenpòt moun ki dwe amann, depans oswa restitisyon pou yon krim grav oswa yon enfraksyon minè ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen nenpòt moun ki gen yon plan peman pou amann ak depans?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen moun ki sou pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen nenpòt moun ki sou pwobasyon oswa libète kondisyonèl ki pa respekte kondisyon yo ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen nenpòt moun ki te kondane pou fwod asistans sosyal?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen nenpòt moun ki nan kache pou otorite lapolis yo ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen moun ki oblige enskri sou lis delenkan seksyèl kondane?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?
Èske gen nenpòt moun ki oblige enskri kòm yon kriminèl seksyèl ki pa respekte kondisyon enskripsyon yo ?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Si wi, kiyès?

Anrejistremèn elektè (Opsyonèl): Seksyon sa pou sitwayen ameriken sèlman

Si w pa anrejistre pou vote kote w ap viv la, èske w ta renmen aplike pou anrejistre pou vote bò isit la jodi a ? Wi Non
SI W PA KOCHE YOUN NAN BWAT YO, N AP KONSIDERE OU DESIDE PA ANREJISTRE POU VOTE NAN MOMAN AN.

Pou anrejistre, ou dwe:

- 1) Genyen pou pi piti 18 lane nan jou lòt elekson k ap vini a;
- 2) Se yon sitwayen ameriken pou pi piti yon mwa ANVAN LÒT ELEKSYON K AP VINI A;
- 3) Abite Pennsylvania ak distrik pou vote a pandan pou pi ptit 30 jou anvan lòt elekson k ap vini a.

Aplike pou enskri oswa refize enskri pou vote a p ap afekte kantite asistans ou pral resevwa nan men ajans sa a.

Si ou ta renmen èd pou ranpli fòmilè enskripsiyon votè a, nou pral ede w. Se desizyon an si w vle chèche oswa aksepte èd. Ou ka ranpli fòmilè aplikasyon an an prive. Tanpri kontakte biwo asistans konte a si ou ta renmen èd.

Si ou kwè ke yon moun te entèfere ak dwa ou pou enskri oswa pou refize enskri pou vote, dwa ou pou konfidansyalite pou deside si ou pral enskri oswa nan aplike pou enskri pou vote, oswa dwa ou pou chwazi pwòp pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou ka fè yon plent bay Secretary of Commonwealth, PA Department of State, Harrisburg, PA 17120. (Nimewo telefòn gratis 1-877-VOTESPA.)

ANPLWAYE BIWO ASISTANS KONTE AN AP RANPLI BWAT SA A SELON REPOSNS OU TE BAY ANLÈ A.

<input type="checkbox"/> Given to Client ___/___/___	<input type="checkbox"/> Sent to voter registration ___/___/___	<input type="checkbox"/> Mailed to Client ___/___/___
<input type="checkbox"/> Declined, not interested ___/___/___	<input type="checkbox"/> Not a U.S. citizen ___/___/___	<input type="checkbox"/> Declined, already registered ___/___/___

Dwa ak Responsablite Ou

Li sou dwa ak responsablite ou:

DWA POU PA SIBI DISKRIMINASYON

Enstitisyon sa a entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks, ak nan kèk ka reliyion oswa kwayans politik.

USDA Depatman Agrikilti Etazini an tou entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, kwayans reliye, andikap, laj, kwayans politik oswa reprezay oswa vanjans pou aktívite dwa sivil anvan yo nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa finanse pa USDA.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou enfòmasyon sou pwogram la(pa egzanp, Braille, enprime an gwo lèt, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis la. Moun ki soud, ki gen difikilite tandem oswa ki gen andikap nan pale ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339. Anplis, enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa Anglè.

Pou pote plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, ranpli Fòmiliè Plent Diskriminasyon Pwogram USDA a (AD-3027), ki sou entènèt la : http://www.acsr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt adresè bay USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòmiliè lan. Pou mande yon kopí fòmiliè plent lan, rele (866) 632-9992. Soumèt fòmiliè ou ranpli a oswa lèt la bay USDA pa:

- (1) kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410
- (2) faks: (202) 690-7442; or
- (3) imel: program.intake@usda.gov.

Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte Nimewo Sèvis Telefon USDA SNAP nan (800) 221-5689, ki disponib tou an panyòl, oswa rele Nimewo Enfòmasyon/Liy Asistans Eta yo (klike sou lyen an pou yon lis nimewo liy asistans pa Éta); ou jwenn sou entènèt nan: http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm.

Pou pote plent sou diskriminasyon ki gen rapò ak yon pwogram ki resevwa asistans finansye Federal atravè Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (Health and Human Services, HHS), ekri: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele (202) 619-0403 (vwa) oswa (800) 537-7697 (TTY).

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinité egal.

DWA A KONFIDANSYALITE

Nou pral kenbe enfòmasyon ou prive. Li pral itilize sèlman pou deside ki pwogram ou ka elijib pou yo. Biwo asistans konte a (County Assistance Office, CAO), lè yo mande sa, dwe bay ofisyèl ki fè respekte lwa federal, eta ak lokal yo adres, nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ak foto (si a disponib) yon moun ki ap kouri pou evite pouswiv, detansyon oswa prizon pou yon krim grav oswa pou vyòl pwobasyon oswa libète sou kondisyon. Nenpòt moun ki konnen ki ap vyole nenpòt nan règ ak regilasyon depatman sa a ap koupab de yon krim minè epi, lè yo jwenn yo koupab, yo ap kondane pou peye yon amann, ki pa depase san (\$100) dola, oswa pou ale nan prizon, ki pa depase sis mwa, oswa toude (62 P.S. seksyon 483).

DWA POU YON AVI EKRI

Nou pral ba w yon avi ekri ki eksplike benefis ou yo. Si nou refize, chanje, sispann oswa sispann benefis yo, nou pral ba ou yon eksplikasyon ekri sou rezon an. Ou gen 30 jou (90 jou pou benefis Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP)) a pati dat avi a pou mande yon odyans.

DWA POU FÈ APÈL

Ou gen dwa pou mande yon odyans nan Depatman Sèvis Imen (DHS) pou fè apèl sou yon desizyon si ou kwè li pa jis oswa pa kòrek, oswa si DHS pa aji sou aplikasyon ou pou benefis yo. Ou ka fe apèl la nan CAO a. Si w fè apèl, ou ka mande tou pou yon konferans ajans anvan odyans la. Si apèl ou a gen rapò ak benefis SNAP ki bezwen aksyon rapid, ou gen dwa fè konferans sa a ak yon sipèviziè nan de jou ouvrab. Nan odyans la, ou ka reprezante tèt ou, oswa yon lòt moun, tankou yon avoka, zanmi oswa fanmi ka reprezante w.

DWA POU DEKLARE BON JISTIFIKASYON

Si ou aplike pou benefis lajan kach oswa Asistans Medikal, lalwa egzise ou kolabore pou etabli patènité ak chèche sipò. Yo ka retire kondisyon sa yo si ou pwouve ke sa ka danjere pou ou ak/oswa pitit ou yo. Sa a rele bon jistifikasyon. Sòf si yon eksepsyon pou bon rezon etabli, ou ap oblige respekte kondisyon travay ak fòmasyon. Ou ap bezwen tou respekte kondisyon rapò chak sis mwa sòf si yo rekonèt bon jistifikasyon.

DWA POU SÈTIKA KOUVÈTI KREDIB

Lalwa federal limite lè kouvèti sante ka refize oswa limite pou yon kondisyon ki egziste deja. Si ou enskri nan yon plan sante gwoup ki ekskli tretman pou yon kondisyon ou te dejà genyen, ou ka jwenn kredi pou tan ou te resevwa kouvèti Asistans Medikal. Sa ka ede ou jwenn kouvèti. Kontakte travayè ka ou a pou mande sètika sa a.

RESPONSABLITE POU BAY ENFÒMASYON

Ou dwe bay enfòmasyon ki vre, kòrèk ak konplè. Ou dwe ede nan pwouve enfòmasyon ou bay la. Benefis yo ka refize si ou pa bay kèk prèv. Si ou pa ka bay prèv, ou ta dwe mande CAO a pou ede ou jwenn li. Si DHS oswa Biwo Enspekté Jeneral Eta a kontakte ou, ou dwe kolabore nèt ak moun oswa anketè sa yo. Si ou gen 55 lane oswa plis epi ou resevwa Asistans Medikal pou peye pou sèvis établisman swen, sèvis delè nan kay ak kominote, ak nenpòt sèvis lopital ak medikaman ki gen rapò, ou ka oblige remèt pri sèvis sa yo soti nan eritaj ou. Si ou ap aplike pou asistans lajan kach, nou ka mande ou siyen yon akò pou remèt benefis ke ou, mari ou oswa madanm ou, ak pitit ou yo te resevwa.

RESPONSABLITE POU BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU YO

Pou benefis lajan kach, Asistans Medikal ak/oswa benefis SNAP, ou dwe bay yon SSN pou chak moun ou ap aplike pou yo. Si ou pa gen yon SSN, ou dwe aplike pou youn. Si ou pa bay yon SSN, sa ka fè ou pa ka resevwa benefis. Pou benefis lajan kach, nou ka mande yon SSN pou nenpòt moun ki gen revni oswa resous ki ka afekte elijibilité ou oswa kantite benefis yo. SSN ou a ap itilize pou idantite, pou koresponn ak odinatè ki verifye revni ak resous, ak pou anpeche doublé benefis eta ak federal. Yon moun ki pa sitwayen ki ap aplike sèlman pou Asistans Medikal pa bezwen bay yon SSN. (42 U.S. Code 1320b-7)

RESPONSABLITE POU ITILIZE KAT PA ACCESS LA SELON LALWA

Yon fwa ou elijib pou benefis, yo pral ba ou yon kat PA ACCESS. Kat sa a ka itilize sèlman pou moun ki elijib la ak sèlman pandan peryòd elijibilité a. Ou ka itilize ka la sèlman pou sèvis ki nesesè ak rezonab.

RESPONSABLITE POU RAPÔTE CHANJMAN

Si ou kalfye pou benefis, ou pral oblige rapòte chanjman nan sikorans ou bay travayè ka ou oswa nan Sant Sèvis Kliyan an. Kalite chanjman yo ta dwe rapòte gen ladan moun ki kite oswa ki antre nan kay la, yon nouvo adres, yon nouvo travay pou yon moun, si yon moun pèdi yon travay, nesans yon timoun, nouvo sous revni oswa chanjman nan revni, ak ganyan lotri ak jwèt aza. Travayè ka ou ak avi ou resevwa yo ap kouvrir detay espesifik yo selon pwogram ak benefis ou elijib pou yo. Nan ka ou pa rapòte chanjman ki nesesè nan kad pwogram nan ka mennen nan pèdi benefis yo, sanksyon, oswa chaj sivil oswa kriminèl. Ou ka rapòte chanjman bay CAO a an pèsón, pa telefon, faks, lapòs oswa atravè yon kont MyCOMPASS. Ou ka tou rapòte chanjman nan Sant Sèvis Kliyan an nan 1-877-395-8930, oswa pou Philadelphia, 1-215-560-7226 nenpòt lè.

DEKLARASYON SOU LWA VI PRIVE

- (i) Ramise enfòmasyon sa a, ki gen ladan nimewo Sekrè Sosyal (SSN) chak manm kay la, otorize anba Lwa sou Manje ak Nitrisyon 2008, amande, 7 U.S.C. 2011-2036d. Enfòmasyon yo pral itilize pou détermine si kay ou elijib oswa kontinye elijib pou patisipe nan Pwogram SNAP la. Nou pral verifye enfòmasyon sa yo sou odinatè a nan mete plizyè pwogram ansanm . Enfòmasyon sa a ap itilize tou pou swiv konfòmítate ak règleman pwogram yo ap pou jeson yon pwogram nan.
- (ii) Enfòmasyon sa a ka pataje ak lòt ajans Federal ak Eta pou egzamen ofisyèl, ak bay ofisyèl ki fè respekte lwa yo pou objektif pou arete moun ki ap kouri pou evite larwal.

(iii) Si yon reklamasyon SNAP fèt kont kay ou, enfòmasyon sou aplikasyon sa a, ki gen ladan tout SSN yo, ka voye bay ajans Federal ak Eta, ansanm ak ajans koleksyon reklamasyon prive, pou aksyon koleksyon reklamasyon.

(iv) Bay enfòmasyon yo mande a, ki gen ladan SSN chak manm kay la, volontè. Sepandans, si w pa bay yon SSN sa ap mennen refi benefis SNAP pou chak moun ki pa bay yon SSN. Tout SSN ki bay yo ap itilize ak pataje nan menm fason ak SSN manm kay elijib yo.

Entèdiksyon ak Sanksyon Li sou responsablité ou:

SI SA RIVE SAN YON BON JISTIFIKASYON		SA KA RIVE (SANKSYON)
TOUT BENE-FIS YO SNAP CASH ASISTANS MEDIKAL	Mal Itilize Kat Transfè Benefis Elektronik yo (Electronic Benefits Transfer, EBT) oswa Kat PA ACCESS la.	Amann, prizon, oswa toude.
	Pa rapòte chanjman, jan sa egzije.	Koupe oswa kanpe benefis yo.
	Volontèman, bay enfòmasyon ki pa vre, pa korèk oswa pa konplè, oswa pa rapòte chanjman yo.	Amann, diskalifikasyon ak/oswa tan nan prizon pou fwod nan asistans piblik, diskalifikasyon pou pwosedi odyans administratif. Pa elijib pou cash: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 6 mwa.Dezyèm fwa - 12 mwa.Twazyèm fwa - pou out tan.
	Echanje, vann oswa tante echanje, vann, achte oswa itilize kat ACCESS yon lòt moun.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Tout kondanasyon tribunal - 12 mwa.
SNAP	Volontèman, itilize mal benefis SNAP, pa egzanp, fè echanj, vann oswa achte Kat EBT oswa benefis SNAP; transfòme benefis yo; oswa jete kontenè ki te achte ak benefis SNAP pou resevwa depo – oswa achte bagay ki pa kouvri pa SNAP, tankou alkòl oswa tabak – oswa itilize benefis SNAP pou peye pou manje ou déjà resevwa oswa manje sou kredi.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 12 mwa.Dezyèm fwa - 24 mwa.Twazyèm fwa - pou tout tan.Premye kondanasyon tribunal ki depase \$500 - pou tout tan.
	Achte yon pwodwi ak benefis SNAP ak entansyon pou jwenn lajan kach oswa yon konsiderasyon ki lòt ke manje ki elijib nan revann pwodwi a an echanj pou lajan kach oswa lòt konsiderasyon ki pa manje ki elijib.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 12 mwa.Dezyèm fwa - 24 mwa.Twazyèm fwa - pou tout tan.Premye kondanasyon tribunal ki depase \$500 - pou tout tan.
	Volontèman, achte pwodwi ki te orijinalman achte ak benefis SNAP an echanj pou lajan kach oswa yon konsiderasyon lòt pase manje elijib.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 24 mwa.Dezyèm fwa - pou tout tan.
	Itilize/resevwa benefis SNAP yo pou achte dwòg oswa sibstans ki kontwole.	Premye fwa- pa janm elijib
	Itilize/resevwa benefis SNAP yo pou vann zam, minisyon, oswa ekplozif.	Pa elijib pou tout tan.
	Kondane pou achte, vann oswa fè echanj benefis SNAP ki totalize \$500 oswa plis.	Pa elijib pandan 10 lane.
	Bay manti sou kiyès ou ye ak kote ou abite pou ka resevwa plis ke yon benefis SNAP.	Pa elijib jiskase ou fè sa lalwa di a.
LAJAN	Kouri pou evite pouswit, detansyon, oswa prizon akoz yon krim grav/oswa tentativ krim grav – oswa kouri akoz vyolasyon pwobasyon oswa libète sou kondisyon.	Pa elijib jiskaske ou respekte penalite ou.
	Pa respekte penalite tribunal ou, ki gen ladan peman amann, pou yon krim grav oswa krim minè.	Pa elijib jiskaske ou respekte penalite ou.
	Bay manti sou kote w rete pou ka resevwa lajan nan de oubyen plis eta.	Pa elijib pandan 10 lane.
	Kouri pou evite pouswit, detansyon, oswa prizon akoz yon kondanasyon pou yon krim grav/ oswa tentativ krim grav; pa parèt kòm yon akize nan yon pwosedi tribunal kriminè lè yo te voye yon somasyon oswa yon manda pou yon enfrafrakson somè, krim grav oswa krim minè; kouri akoz vyolasyon pwobasyon/libète sou kondisyon; oswa gen nenpòt manda aktif kont ou.	Pa elijib jiskase ou fè sa lalwa di a.
	Si yo jwenn ou koupab pou fwod oswa ou pa respekte règ ki anlè a yo:	<ul style="list-style-type: none">Amann jiska \$250,000 pou SNAP ak jiska \$15,000 pou lajan;Prizon jiska 20 lane pou SNAP epi jiska sèt lane pou Lajan; ak/oswaRemèt benefis ou te resevwa yo.Diskalifikasyon pou benefis pou periyod ki site anlè a yo nan pwogram nan.
RÈG TRAVAY SNAP YO	Pou manm kay yo – fizikman ak mantalman an fòm – ki gen plis pase 15 lane ak mwens pase 60 lane – ki pa otreman egzante oswa ki pa gen bon rezon. Refize: <ul style="list-style-type: none">Aksepte yon travay.Di CAO a ki estati travay ou ak disponiblite travay ou.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - yon mwa ak jiskaske ou fè sa yo mande a.Dezyèm fwa - twa mwa ak jiskaske ou fè sa yo mande a.Twazyèm oswa plis fwa - sis mwa chak fwa ak jiskaske ou fè sa yo mande a.
RÈG TRAVAY LAJAN YO	Pa respekte kondisyon travay lajan kach volontèman jan sa ekri nan Akò Responsablité Mityèl (Agreement of Mutual Responsibility, AMR) la.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye vyolasyon – Ou pral pa elijib pou yon minimòm 30 jou oswa jiskaske echèk pou respekte a sispann, sa ki pi long ladan yo a.Dezyèm vyolasyon – Ou pral pa elijib pou yon minimòm 60 jou oswa jiskaske echèk pou respekte a sispann, sa ki pi long ladan yo a.Twazyèm vyolasyon– W ap diskalifye nan fason pèmanan. Si rezon pou sanksyon an rive nan premye 24 mwa resepsyón asistans lajan kach la, kit yo konsekifit oswa ak enteripsyon, sanksyon an aplike sèlman pou endividé nan. Si rezon pou sanksyon an rive apre 24 mwa resepsyón asistans lajan kach, kit yo konsekifit oswa entèripsyón, sanksyon an aplike pou tout fanmi an.

Konprann dwa w ak responsablite w yo

Lè m siyen fòmilè sa:

- Mwen konprann Pennsylvania resevwa enfòmasyon nan Sistèm Verifikasyon Elitjibilite Revni (Income Eligibility Verification System, IEVS) a, enstifisyon finansye, rapò konsomatè, ak ajans eta ak federal pou verifye enfòmasyon mwen bay yo. Enfòmasyon ki disponib atravè IEVS ak lòt antite yo pral mande, itilize, epi ka verifye atravè kontak adisyonè lè gen detay konfli ajans Leta a jwenn, e enfòmasyon sa yo ka afekte elitjibilite kay mwen an nivo benefis yo.
- Mwen konprann ke lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen ap otorize nenpòt enstifisyon finansye pou pataje, atravè mwayen elektwonik oswa nenpòt lòt mwayen, nenpòt ak tout enfòmasyon finansye enstifisyon sa a kenbe, bay Depatman Sèvis Imen oswa ajan oswa kontraktè li desiyen a pou objektif idantifye ak verifye resous (ki rele tou "aktif") lè sa nesesè pou detémire ak redetémire elijibilité pou Asistans Medikal. Mwen konprann ke enfòmasyon finansye a gen ladan depo, retrè, fèmen kont ak lòt enfòmasyon ki enpòtan yo mande oswa resevwa nan men enstifisyon finansye a, ki gen ladan lòt tranzaksyon ke enstifisyon finansye a fè ki gen rapò ak kont oswa aktif la. Mwen konprann ke otorizasyon sa a efikas jiskaske elijibilité Asistans Medikal la refize oswa fini, oswa si mwen deside revoke li pa notifikasiyon ekri bay Depatman an, sa ki rive arvan an. Mwen konprann ke si mwen revoke otorizasyon sa a, sa ka fè mwen oswa kay mwen pa elijib pou Asistans Medikal.
- Mwen konprann ke si mwen mal reprezante, kache oswa kenbe enfòmasyon ki ka afekte elijibilité mwen pou benefis yo, mwen ka oblige remèt benefis mwen yo e mwen ka fè a pouwak ak diskalifikasyon pou resevwa kèk benefis nan lavni.
- Mwen konprann ke mwen ka deziyen yon reprezantan otorize lè m ranpli sekson Reprezantan Otorize a epi soumèt li ansanm ak aplikasyon sa a.
- Mwen konprann ak dakò ke mwen responsab pou nenpòt deklarasyon fwod ki fèt nan aplikasyon sa a, menm si aplikasyon an ap soumèt pa yon moun ki ap aji nan non mwen.
- Mwen konprann ke nenpòt moun ki benefisyè kòm rezulta yon transfè de aktif oswa revni, ki ta afekte elijibilité mwen pou Swen Long Tèm oswa Sèvis nan Kay ak Kominote, pral responsab pou remèt benefis sa yo ki pa t bay kòrèkteman.
- Mwen te resevwa yon kopí dwa ak responsablite mwen, mwen te li yo oswa yon moun te li yo pou mwen, epi mwen konprann yo.
- Mwen konprann ke Depatman Sèvis Imen oswa moun li desiyen yo ka kontakte mwen atravè metod tankou imel ak mesaj téks pou ede pwosesis aplikasyon mwen oswa mande fidbak sou pwosesis aplikasyon an. Si mwen pa vle imel oswa mesaj téks, mwen konprann ke Depatman Sèvis Imen ap toujou fe tretman aplikasyon mwen an .
- Mwen konprann ke enfòmasyon ki antre nan aplikasyon sa a ap kenbe konfidansyèl epi sèlman pou bay benefis yo. Mwen otorize divulgasyon enfòmasyon pèsònèl, finansye ak medikal pou objektif detémire elijibilité.
- Mwen konprann ke nepòt chanjman mwen oblige rapòte dwe rapòte nan 10 premye jou yo nan mwa ki swiv mwa chanjman an, oswa, pou Swen Long Tèm ak Sèvis nan Kay ak Kominote, nan 10 jou ki swiv chanjman an.
- Mwen konprann ke kay mwen ka pèdi benefis SNAP si yon manm kay la resevwa gen lotri oswa jwèt aza ki egal oswa depase limit resous SNAP pou kay granmoun aje oswa moun ki andikape.
- Mwen konprann ke mwen pral resevwa yon avi ekri ki eksplike benefis yo. Si benefis yo refize, chanje, sispann oswa kanpe, avi ekri a ap eksplike poukisa.
- Mwen konprann ke mwen pral gen 30 jou (90 jou pou benefis SNAP (oupon manje)) depi dat avi a pou mande yon odyans si mwen pa dakò ak desizyon ki pran sou aplikasyon sa a.
- Mwen konprann sitiyasyon mwen bay la sijè a verifikasiyon soti nan patwon, sous finansye ak lòt twazyèm pati.
- Mwen konprann ke aplikan yo dwe bay nimewo Sekirite Sosyal yo oswa aplike pou yon si yo pa gen li. Nimewo sa a ka itilize pou verifye enfòmasyon sou aplikasyon sa a.
- Mwen konprann ke mwen dwe itilize Transfè Benefis Elektwonik (EBT) oswa Kat PA ACCESS sèlman pandan periyòd mwen elijib. Mwen dwe itilize EBT oswa Kat PA ACCESS sèlman pou moun ki elijib epi mwen ka jwenn sèlman benefis ki nesesè ak rezonab.
- Mwen konprann ke mwen pa ka itilize fon Asistans Lajan Kach ki te bay atravè kat PA ACCESS mwen pou fè tranzaksyon EBT nan magazen alkòl, kazino (kazino jwèt aza, etablisman jwèt), oswa kote ki gen distraksyon pou granmoun.

- Mwen konprann ke mwen pa oblige bay nimewo Sekirite Sosyal pou nenpòt moun ki pa aplike pou asistans. Si mwen bay nimewo Sekirite Sosyal yo, li ka itilize pou verifye enfòmasyon sou aplikasyon sa a.
- Mwen sètifye ke tout enfòmasyon ki te antre yo se vre sou pèn fo temwayaj.
- Mwen konprann ke mwen gen dwa pou yon sètifica kouvèti kredit pou verifye kouvèti medikal mwen. Lwa federal limite lè kouvèti Asistans Medikal ka refize oswa limite pou yon kondisyon ki déjà egziste. Si mwen enskri nan yon plan sante gwoup ki gen yon klotz kondisyon ki déjà egziste, mwen ka jwenn kredi pou tan mwen te resevwa Asistans Medikal.
- Mwen konprann ke si yo detémire m elijib pou Asistans Medikal, mwen pral plase nan pi konplè pakè benefis Asistans Medikal ki disponib pou mwen. Mwen konprann ke yo ka mande m pou enskri nan yon plan sante. Mwen konprann ke enskri nan yon plan sante ka gratis oswa a yon pri ki ba pou mwen, paske Depatman an peye yon frè chak mwa pou plan sante a pou mwen. Mwen konprann ke frè chak mwa sa a se yon frè kapitasyon. Mwen konprann ke si mwen resevwa Asistans Medikal pou ki mwen pa elijib, akoz erè, fwod, oswa nenpòt lòt rezon, mwen ka oblige remèt Depatman an tout frè chak mwa ki te peye sou non mwen.
- Si mwen resevwa benefis lajan kach, mwen pral kolabore avèk kondisyon pwogram aplikasyon pou sipò timoun nan jan Depatman an te di. Mwen bay Depatman an ak Seksyon Relasyon Domestik dwa pou poussiv ak kolekte sipò lajan kach ak/oswa medikal pou mwen ak lòt moun mwen ap aplike yo.
- Mwen konprann ke si mwen rapòte oswa bay prèv sou depans kay la, mwen pral jwenn kantite maksimòm benefis SNAP (oupon manje) ki otorize. Si m pa rive rapòte oswa bay prèv sou depans kay la pral considere kòm deklarasyon ke mwen pa vle resevwa yon dediksyon pou depans ki pa rapòte oswa ki pa pwouwe. (Otorite: Depatman Agrikilti Etazini, Sèvis Manje ak Nitrisyon, Rejyon Mid-Atlantik, Notifikasiyon Administratif 6-99, ki emèt 4 Janvye 1999).
- Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen resevwa kredi pou depans kay yo nan moman mwen rapòte epi bay prèv sou yo nan nenpòt moman pandan periyòd sètifikasiyon SNAP mwen (oupon manje).
- Mwen konprann mwen gen dwa pou m mande biwo asistans depatman an (CAO) asistans nan chache prèv depans yo epi CAO a ka kontakte lòt moun pou konfime si m gen pwoblèm jwenn prèv pou nenpòt bagay.
- Mwen konprann si kèk oubyen tout moun ki aplike yo pa kalfife pou asistans medikal, yo kapab elijib pou CHIP.
- Mwen konprann ke si kèk oswa tout moun k ap aplike yo pa kalfife pou Asistans Medikal atravè Depatman an, yo ka elijib pou benefis federal epi/oswa eksplorasyon swen sante prive atravè Pennsylvania's Health Insurance Marketplace (Pennie). Si se ka sa a, mwen otorize Depatman an bay Pennie non mwen ak enfòmasyon sou aplikasyon sa a.
- Renouvelman kouvèti nan ane k ap vini yo:** Pou rann li pi fasil pou detémire si mwen kalfifikasiyon pou èd pou peye pou kouvèti asirans sante nan ane k ap vini yo, mwen dakò pou pèmèt Mache Asirans Sante Pennsylvania (Pennie) itilize done revni mwen an, enkli enfòmasyon ki soti nan deklarasyon taks. Pennie ap voye yon avi pou mwen, kite m fè nenpòt chanjman, epi mwen ka dezabone a nenpòt ki lè.

Wi, renouvelman kouvèti mwen otomatikman pou pwochen ane a: (Koche youn):

- Senk lane (pi gwo kantite lane ki otorize)
- Kat lane
- Twa lane
- De lane
- Yon lane
- Pa itilize enfòmasyon sou deklarasyon taks mwen pou renouvelman kouvèti mwen an.

Siyen isit la:

X

Siyati moun ki aplike a oswa Reprezantan li Otorize

Dat

ENPÒTAN: Si kay ou a elijib pou SNAP/LIHEAP, ou kapab resevwa yon fòmilè konsantman Fast Track (wout rapid) nan kourye w k ap pèmèt ou ak manm kay ou yo anrejistre otomatikman pou asistans medikal.

Non Reprezantan Otorize a	Adrès Reprezantan Otorize a	Nimewo Telefòn

**BIWO ASISTANS
DEPATMAN AN
SELMAN**

I have explained to the applicant her or his rights and responsibilities.

CAO Signature

Date

ASIRE W OU SIYEN AK DATE APLIKASYON AN EPI METE DOKIMAN YO MANDE YO

Kouvèti Asirans nan Travay (yo)

Pale nou sou travay ki ofri kouvèti an. Ou PA bezwen reponn kesyon sa yo sof si yon moun nan kay la kalifye pou kouvèti sante nan yon travay. **Ou pa bezwen ranpli apendis sa a si w ap aplike sèlman pou SNAP.**

Ekri non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou nan seksyon Enfòmasyon sou Anplwayè a. Ou ka bezwen mande anplwayè w la ede w ranpli seksyon Enfòmasyon sou Anplwayè a. Si w pa kapab jwenn enfòmasyon sa yo nan men anplwayè w alè, oswa si w panse si w ranpli sa a ta pral retade kòmansman aplikasyon w lan, ou ka soumèt aplikasyon w lan san Anèks A.

Mete yon kopi paj sa pou chak travay ki ofri kouvèti.

ENFÒMASYON ANPLWAYE

Non Anplwaye (prenon, non nan mitan, siyati):	Nimewo sekirite sosyal:
---	-------------------------

ENFÒMASYON SOU ANPLWAYÈ

Non Anplwaye a:	Nimewo Identifikasyon Anplwayè (EIN)
-----------------	--------------------------------------

Adrès Anplwaye (sa gen ladann ri, nimewo, vil, eta & kòd postal +4):	Nimewo telefòn anplwayè a: ()
--	-----------------------------------

Kiyès nou ka kontakte sou kouvèti sante anplwaye nan travay sa a? 	Nimewo telefòn (si l diferan de sa ki anlè a): ()	Adrès imel:
---	---	-------------

Èske anplwaye a elijib pou kouvèti anplwaye a ofri nan moman an, oswa èske anplwaye a pral elijib nan twa mwa yo?

Wi (kontinye) Si anplwaye a pa elijib jodi a, si sa se rezulta pou ret tann oswa peryòd probasyon, kilè anplwaye a pral elijib pou kouvèti? _____
 Non (Kanpe epi retounen fòmilè sa bay anplwaye a)

Pale nou de plan sante anplwaye sa ofri.

Èske anplwaye a ofri yon plan sante ki kouvari mari/madanm anplwaye a oswa depandan (yo)?
Depandan (yo)

Wi. Ki moun: Mari/Madanm

Non (ale nan lòt kesyon an)

Èske anplwaye a ofri yon plan sante ki rive nan valè estanda minimòm nan?*
 Wi (Ale nan kesyon ki apre a)
 Non (KANPE epi retounen fòmilè nan bay anplwaye)

Pou plan ki pi ba pri ki satisfè estanda valè minimòm* yo ofri sèlman pou anplwaye a (pa enkli plan familyal): Si patwon an gen pwogram byennèt, bay prim ke anplwaye a ta peye si li te resevwa maksimòm rabè pou nenpòt pwogram pou sispann pran tabak, epi li pa t resevwa okenn lòt rabè ki base sou pwogram byennèt.

Konbyen anplwaye a t ap gen pou l peye an prim pou plan sa a? \$ _____

Chak kilè? Chak semèn Chak de semèn De fwa chak mwa Chak mwa Chak trimès Chak ane

Si plan w la pral fini byento epi ou konnen plan sante yo ofri yo pral chanje, ale nan kesyon ki apre a. Si w pa konnen, KANPE epi retounen fòmilè nan bay yon anplwaye

Ki chanjman anplwaye a pral fè pou nouvo plan ane a?

Anplwaye a p ap ofri kouvèti sante.
 Anplwaye a pral kòmansce ofri asirans sante pou anplwaye yo oswa chanje prim lan pou plan ki pi ba pri ki disponib sèlman pou anplwaye a ki satisfè estanda valè minimòm lan.* (Prim dwe reflete rabè pou pwogram byennèt yo. Gade kesyon anlè a.)

Konbyen kòb anplwaye a pral peye nan premyòm pou plan sa a? \$ _____

Chak kilè? Chak semèn Chak de semèn De fwa chak mwa Chak mwa Chak trimès Chak ane

Dat chanjman an: (mm/JJ/AAAA) _____

*Yon plan sante anplwaye a-sponsorize satisfè "valè minimòm estanda" si pati plan an nan total depans benefis otorize plan an kouvari pa mwens pase 60 pouasan nan depans sa yo (Seksyon 36B(C)(2)(C) ii) nan Kòd Revni Entèn 1986).



Pennsylvania

Department of Human Services

Depatman Sèvis Imen Pennsylvania (DHS) respekte lwa dwa sivil federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap oswa sèks. DHS pa eskli moun oswa trete yo yon fason diferan akòz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, kwayans, afilyasyon reliye, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon sèks, oswa oryantasyon seksyèl.

DHS BAY:

- Èd ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap pou kominiye avèk nou yon fason efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòma (gwo enpresyon, odyo, fòma elektwonik aksesib, lòt fòma)
- Sèvis lang gratis pou moun lang prensipal yo pa anglè, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte biwo lokal asistans konte ou a.

Si ou kwè DHS pa bay sèvis sa yo oswa fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, laj, andikap, oswa sèks, ou ka depoze yon doleyans nan: Equal Opportunity Office, Room 223, Health and Welfare Building, P.O. Box 2675, Harrisburg, PA 17105-2675, (717) 787-1127, PA Relay Services 711, faks - (717) 772-4366, oswa imèl - RA-PWBEAO@pa.gov. Ou ka depoze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs, faks oswa imel. Si w bezwen èd pou depoze yon doleyans, Equal Opportunity Office (Biwo Opòtinite Egal) la disponib pou ede w

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivil tou nan Depatman Sante ak Sèvis Imen, Biwo Dwa Sivil, elektwonikman atravè Portal pou plent Biwo pou dwa sivil, ki disponib nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa lapòs oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201
1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)

Fòmilè plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Dwa ak responsablite w Li sou dwa w ak responsablite w:

DWA POU PA SIBI DISKRIMINASYON

Enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional, andikap, laj, sèks ak nan kék ka relijiyon oswa kwayans politik.

Depatman Agrikilti Ameriken an entèdi tou diskriminasyon ki base sou ras, koulè, orijin nasional, sèks, kwayans relijiye, andikap, laj, kwayans politik oswa reprezay oswa vanjans pou ansyen aktivite dwa sivil nan nenpòt pwogram oswa aktivite ki fèt oswa ki finanse pa USDA.

Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou enfòmasyon pwogram yo (pa egzanp Bray, gwo lèt, kaset odyo, Lang siy Ameriken, elatriye), ta dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou benefis yo. Moun ki soud, ki mal pou tande oswa ki gen andikap lapawòl ka kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339. Anplis de sa, enfòmasyon pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa anglè.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon, ranpli Fòmilè Plent pou Diskriminasyon Pwogram USDA, (AD-3027), ou jwenn sou Entènèt nan: http://www.ascr.usda.gov/complaint_filing_cust.html, ak nan nenpòt biwo USDA, oswa ekri yon lèt ki adrese USDA epi bay nan lèt la tout enfòmasyon yo mande nan fòm lan. Pou mande yon kopí fòm plent lan, rele (866) 632-9992. Soumet fòm ou ranpli oswa lèt bay USDA pa:

- (1) Kourye: U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410
- (2) faks: (202) 690-7442; or
- (3) imel: program.intake@usda.gov.

Pou nenpòt lòt enfòmasyon ki gen pou wè ak pwoblèm Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemente (SNAP), moun yo ta dwe swa kontakte Nimewo Liy Direk USDA SNAP la nan (800) 221-5689, ki an panyòl tou oswa rele Nimewo Enfòmasyon Eta a/Liy direk (ktlike sou lyen an pou yon lis nimewo liy direk pa Eta); yo jwenn sou Entènèt: http://www.fns.usda.gov/snap/contact_info/hotlines.htm.

Pou depoze yon plent diskriminasyon konsènan yon pwogram k ap resevwa asistans finansye federal atravè Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS), ekri: HHS Director, Office for Civil Rights, Room 515-F, 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa rele (202) 619-0403 (vwa) oswa (800) 537-7697 (TTY).

Enstitisyon sa bay tout moun menm opòtinite

DWA A KONFIDANSYALITE

Nou pral kenbe enfòmasyon ou yo prive. Nou pral itilize li sèlman pou deside pou ki pwogram ou ka elijib. Biwo asistans konte a (CAO), lè yo mande l, dwe bay ofisyè ki fè respekté lalwa federal, eta ak lokal yo adres, nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ak foto (si disponib) yon moun k ap sove pou evite pouweis, gad oswa prizon, pou yon krim oswa vyole pwobasyon oswa libète pwovizwa. Nenpòt moun ki fè espri vyole nenpòt nan règ ak règleman depatman sa a pral koupab de yon deli epi, lè yo kondane yo, yo pral kondane pou peye yon amann ki pa depase san (\$100) dola, oswa pou yo ale nan prizon, ki pa depase sis mwa, oswa toude (62 P.S. seksyon 483).

DWA POU YON AVI EKRI

N ap ba w yon avi alekri ki eksplike benefis ou yo. Si nou refize, chanje, sispann oswa kanpe benefis yo, n ap ba w yon eksplikasyon alekri sou rezon a. Ou gen 30 jou (90 jou pou benefis Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemente (SNAP)) apati dat avi a poste pou ou mande yon odyans.

DWA POU FÈ APÈL

Ou gen dwa pou mande yon odyans Depatman Sèvis Imen (DHS) pou fè apèl kont yon desizyon si ou kwè li enjis oswa pa kòrék, oswa si DHS pa aji sou aplikasyon w lan pou benefis yo. Ou ka depoze apèl la nan CAO. Si w fè apèl, ou ka mande tou yon konferans ajans anvan odyans lan. Si apèl ou a aplike benefis SNAP akselere, ou gen dwa pou fè konferans sa a ak yon sipèviziè nan de jou ouvrab. Nan odyans lan ou ka reprezante tèt ou, oswa yon lòt moun, tankou yon avoka, yon zanmi oswa yon fanmi ka reprezante ou.

DWA POU DEKLARE BON JISTIFIKASYON

Si w aplike pou lajan kach oswa benefis Asistans Medikal, lalwa egzije w pou w kolabore ak etabli patènète epi chèche sipo. Yo ka retire egzijans sa yo si w pwouve li ka danjere pou ou menm ak/oswa pitit ou yo. Sa a se ke yo rekonèt kòm bon jistifikasyon. Sòf si yo etabli yon egzanpsyón pou bon jistifikasyon, w ap oblige ranpli kondisyon travay ak fòmasyon. Yo pral mande w tou pou w ranpli egzijans rapò semi-anyèl sof si yo akòde yon bon jistifikasyon.

DWA POU SÈTIKA KOUVÈTI KREDIB

Lalwa federal limite lè yo ka refize oswa limite kouvèti asirans sante pou yon kondisyon ki deja egziste. Si w enskri nan yon plan sante gwoup ki eksklì tretman pou yon kondisyon ou te deja genyen, ou ka jwenn kredi pou tan ou te resevwa kouvèti MA. Sa ka ede w jwenn kouvèti. Kontakte travayè sosyal ou a pou mande sètika sa a.

RESPONSABLITE POU BAY ENFÒMASYON

Ou dwe bay enfòmasyon vrè, kòrèk ak konplè. Ou dwe ede nan pwouve

enfòmasyon ou bay yo. Yo ka refize benefis yo si ou pa bay seten prèv. Si ou pa kapab bay prèv, ou ta dwe mande CAO pou ede w jwenn li. Si DHS oswa Biwo Enspektè Jeneral Eta a kontakte w, ou dwe konplètmant kolabore ak moun oswa anketé sa yo. Si w gen 55 an oswa plis epi w resevwa Asistans Medikal pou w peye sèvis sant retrèt yo, sèvis dispans nan kay ak nan kominate a ak nenpòt sèvis lopital ak medikaman sou preskripsyon ki gen rapò, ou ka oblige ranbouse pri sèvis sa yo nan byen ki an eritaj. Si w ap aplike pou asistans lajan kach, nou ka mande w siyen yon akò pou ranbouse benefis ou menm, mari oswa madam ou ak pitit ou yo te resevwa

RESPONSABLITE POU BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL

Pou benefis lajan kach, Asistans Medikal ak/oswa SNAP, ou dwe bay yon SSN pou chak moun w ap aplike pou yo. Si ou pa gen yon SSN, ou dwe aplike pou your. Si w pa bay yon SSN, sa ka lakòz yo pa kapab resevwa benefis yo. Pou benefis lajan kach, nou ka mande yon SSN pou nenpòt moun ki gen revni oswa resous ki ka afekte kalifikasyon w oswa kantite benefis yo. Y ap itilize SSN ou a pou idantite, pou korespon ak ôdinatè ki verifye revni ak resous yo, epi pou anpeche benefis eta ak federal yo replike. Yon non-sitwayen k ap aplike pou Asistans Medikal ijans sèlman pa oblige bay yon SSN. (42 Kod Ameriken 1320b-7)

RESPONSABLITE POU ITILIZE KAT PA ACCESS LA SELON LALWA

Depi w kalifye pou benefis yo, y ap ba w yon kat PA ACCESS. Kat sa a ka itilize sèlman pou moun ki elijib la epi sèlman pandan peryòd kalifikasyon an. Ou ka itilize kat la sèlman pou sèvis ki nesesè e ki rezonab.

RESPONSABLITE POU RAPÔTE CHANJMAN

Si w kalifye pou benefis, w ap oblige rapòte chanjman nan sikontans ou bay travayè sosyal ou oswa nan Sant Sèvis Kliyan an. Kalite chanjman yo rapòte ta gen ladan moun k ap kite oswa antre nan kay la, yon nouvo adrès, yon nouvo travay pou yon moun, si yon moun pèdi yon travay, nesans yon timoun, nouvo sous revni oswa chanjman nan revni, ak lotri ak jwèt aza. Travayè sosyal ou a ak avi ou resevwa yo pral kouvrí espesifik yo an detay dapre pwogram ak benefis ou kalifye pou yo. Si w pa rapòte chanjman ki nesesè yo nan direktiv pwogram yo, sa ka lakòz yon pèt benefis, sanksyon, oswa akizasyon sivil oswa kriminèl. Ou ka rapòte chanjman bay CAO an pèson, pa telefon, faks, lapòs oswa atravè yon kont MyCOMPASS. Ou ka rapòte tou chanjman nan Sant Sèvis Kliyan an nan 1-877-395-8930, oswa pou Philadelphia, 1-215-560-7226 nenpòt ki lè.

DEKLARASYON LWA KONFIDANSYALITE

(i) Koleksyon enfòmasyon sa yo, ki gen ladan nimewo Sekirite Sosyal (SSN) chak manm nan kay la, otorize dapre Lwa 2008 sou Manje ak Nitrisyon, jan sa modifie, 7 U.S.C. 2011-2036d. N ap itilize enfòmasyon an pou detèmine si moun lakay ou elijib oswa si l kontinye kalifye pou patisipe nan Pwogram SNAP la. Nou pral verifye enfòmasyon sa yo atravè pwogram sou ôdinatè ki gade si yo menm. Enfòmasyon sa yo pral sèvi tou pou kontwole konfomite ak règleman pwogram yo ak pou jesyon pwogram yo.

(ii) Yo ka pataje enfòmasyon sa yo bay lòt ajans Federal ak Leta pou egzamen ofisyèl yo, ak ofisyè ki fè respekté lalwa nan bi pou yo arete moun k ap kouri pou evite lalwa.

(iii) Si yon reklamasyon SNAP parèt kont kay ou a, enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a, ansam ak tout SSN yo, yo ka refere yo bay ajans Federal ak Eta yo, ansam ak ajans koleksyon reklamasyon prive yo, pou aksyon koleksyon reklamasyon yo.

(iv) Bay enfòmasyon yo mande yo, mete SSN chak manm nan kay la, se volontè. Sepandan, si yo pa bay yon SSN, sa pral lakòz yo refize benefis SNAP pou chak moun ki pa bay yon SSN. Nenpòt SSN yo bay yo pral itilize ak pataje l menm jan ak SSN manm kay ki elijib yo.

Entèdiksyon ak Sanksyon Li sou responsabilite w:

SI SA RIVE SAN YON BON JISTIFIKASYON		SA KA RIVE (SANKSYON)
TOUT BENE-FIS YO SNAP LAJAN KACH ASISTANS MEDIKAL	Mal itilize Kat Benefis Transfè Elektronik (EBT) oswa Kat PA ACCESS.	Amann, Prizon, oswa toude.
	Pa rapòte chanjman, jan yo mande sa.	Koupe oswa kanpe benefis yo.
	Fè espre, bay enfòmasyon ki fo, ki pa kòrèk oswa ki pa konplè, oswa pa rapòte chanjman.	Amann, diskalifikasyon ak/oswa tan nan prizon pou frod asistans publik, diskalifikasyon pou pwosedi odyans administratif. Pa elijib pou kach: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 6 mwa.Dezyèm fwa - 12 mwa.Twazyèm fwa - pou tout tan.
	Echanje, vann swa tante echanje, vann, achte oswa itilize kat ACCESS yon lòt moun.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Pa elijib pou SNAP:<ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 12 mwa.Dezyèm fwa - 24 mwaTwazyèm fwa-pou tout tan.Tout kondanasyon tribunal - 12 mwa.
SNAP	Fè espre, mal sèvi ak benefis SNAP, pa egzanp, komès, vann, oswa achte kat EBT oswa avantaj SNAP; konvèti benefis yo; oswa jete resipyen yo achte ak benefis SNAP pou resevva depo – oswa achte bagay ki pa kouvri pa SNAP, tankou alkòl oswa tabak – oswa itilize benefis SNAP pou peye pou manje déjà resevva oswa manje sou kredi.	
	Achte yon pwodwi ak benefis SNAP ak entansyon pou jwenn lajan kach oswa konsiderasyon lòt manje ki elijib nan revann pwodwi a an echanj pou lajan kach oswa konsiderasyon pou manje ki pa elijib.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 12 mwa.Dezyèm fwa - 24 mwaTwazyèm fwa- pou tout tan.Premye kondanasyon tribunal ki depase \$500 - pou tout tan.
	Fè espre, achte pwodwi yo te achte oriinalman ak benefis SNAP an echanj pou lajan kach oswa yon konsiderasyon pou manje ki pa elijib.	
	Itilize/Resevva benefis SNAP pou achte dwòg oswa sibstans ki kontwole.	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - 24 mwa.Dezyèm fwa- pou tout tan.
	Itilize/Resevva benefis SNAP pou achte zam, minisyon, ak eksplozif.	Premye fwa- pa elijib pou tout tan.
	Kondane pou achte, vann oswa echanje benefis SNAP yo pou yon total \$500 oswa plis.	Pa elijib pou tout tan.
	Bay manti sou kiyès ou ye oswa ki kote abite pou ka resevva plis ke yon benefis SNAP.	Pa elijib pou 10 lane.
LAJAN KACH	Kouri pou evite pouswit, gad, oswa prizon poutèt yon krim/tantativ krim – oswa sove paske ou pa respekte pwobasyon oswa libète pwovizwa.	Pa elijib jiskaske ou fè sa lalwa mande.
	Pa respekte sanksyon tribunal ou a, enklì perman amann, pou yon krim oswa yon deli.	Pa elijib jiskaske ou respekte sanksyon w lan.
	Bay manti sou kote w ap viv pou ka resevva lajan nan de oswa plis eta.	Pa elijib pandan 10 lane.
	Kouri pou evite pouswit, gad, oswa prizon poutèt yon kondanasyon krim/tantativ krim; pa parèt kòm yon akize nan yon pwosedi tribal kriminèl lè yo bay yon sitasyon oswa yon manda pou yon enfraçyon somè, krim oswa deli; sove paske w pa t respekte pwobasyon/liberasyon pwovizwa; oswa gen nenpòt manda aktif kont ou.	Pa elijib jiskaske ou fè sa lalwa mande.
Si yo jwenn ou koupab de fwod oswa vyole règ ki anwo yo:		<ul style="list-style-type: none"> Amann jiska \$250,000 pou SNAP ak jiska \$15,000 pou Lajan Kach; Prizon jiska 20 lane pou SNAP ak jiska sèt ane pou Lajan Kach; ak/oswa Ranbouse benefis ou te resevva. Diskalifikasyon nan benefis pou peryòd ki endike anwo a pa pwogram nan.
RÈG TRAVAY SNAP YO	Pou mamm nan kay la - fizikman ak mantalman anfòm - ki gen plis pase 15 lane ak mwens pase 60 lane - pa otreman egzante oswa ki gen yon bon rezon. Refize: <ul style="list-style-type: none">Aksepte yon travay.Pale CAO a de estati travay ou ak disponibilite pou travay.	Volontèman, poze yon aksyon: <ul style="list-style-type: none">Kite yon travay.Koupe lè travay yo a mwens pase 30 pa semèn (sòf si yon lòt travay deja satisfè kondisyon travay yo). Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye fwa - yon mwa epi jiskaske ou fè sa ki nesesè.Dezyèm fwa - twa mwa ak jiskaske ou fè sa ki nesesè.Twa oswa plis fwa - sis mwa chak fwa epi jiskaske ou fè sa ki nesesè.
RÈG LAJAN TRAVAY	Pa satisfè egzijans travay lajan kach espre, jan sa ekri sou Akò Responsabilite Mityèl (Agreement of Mutual Responsibility, AMR).	Pa elijib: <ul style="list-style-type: none">Premye volasyon - Ou p ap elijib pou yon minimòm de 30 jou oswa jiskaske echèk pou w obeyi a sispann, kélkeswa sa ki pi long.Dezyèm volasyon - Ou p ap elijib pou yon minimòm de 60 jou oswa jiskaske echèk pou w obeyi a sispann, kélkeswa sa ki pi long.Twazyèm volasyon - Ou pral diskalifye pou tout tan. Si rezon sanksyon an rive nan premye 24 mwa apre yo resevva asistans lajan kach, kit se youn apre lòt oswa ak entèripsyon, sanksyon an aplike sèlman pou moun nan. Si rezon sanksyon an rive apre 24 mwa apre yo resevva asistans lajan kach, kit se youn apre lòt oswa ak enteripson, sanksyon an aplike pou tout fanmi an.

Konprann dwa w ak responsablite w

Lè m siyen fòmilè sa:

- Mwen konprann ke Pennsylvania resevwa enfòmasyon ki soti nan Sistèm Verifikasiyon Eltijibilite Revni (IEVS), enstitisyen finansye, rapò sou konsomatè yo ak ajans eta ak ajans federal pou verifye enfòmasyon mwen ba yo. Enfòmasyon ki disponibl atravè IEVS ak lòt antite yo pral mande, itilize epi yo ka verifye atravè kontak kolateral lè ajans. Eta a jwenn detay ki an konfli, epi enfòmasyon sa yo ka afekte kalifikasyon moun lakay mwen ak nivo benefis yo.
- Mwen konprann ke lè mwen siyen aplikasyon sa a, mwen otorize nenpòt enstitisyen finansye pataje, atravè mwayan elektwonik oswa nenpòt lòt mwayan, nenpòt ak tout enfòmasyon finansye enstitisyon sa a geny, bay Depatman Sèvis Imen oswa ajan oswa kontrakt li deziyen nan bi pou idantifye ak verifye resous (yo rele tou "aktif") lè sa nesesè pou detèmine ak redetèmine kalifikasyon pou Asistans Medikal. Mwen konprann ke enfòmasyon finansye yo enkli depo, retrè, fèmen kont ak lòt enfòmasyon empòtan yo mande oswa resevwa nan men enstitisyen finansye a, ki gen ladan lòt tranzaksyon enstitisyen finansye a fè konsènan kont oswa byen yo. Mwen konprann ke otorizasyon sa a efekti jiskaske yo refize kalifikasyon pou Asistans Medikal oswa yo fini, oswa si mwen deside revoke li nan yon notifikasiyon alekri bay Depatman an, kèlkeswa sa ki rive an premye. Mwen konprann ke si mwen anile otorizasyon sa a, sa ka fè mwen memm oswa moun lakay mwen pa elijib pou Asistans Medikal.
- Mwen konprann ke si mwen bay manti, kache oswa kenbe enfòmasyon ki ka afekte kalifikasyon mwen pou benefis yo, mwen ka oblige ranbouse benefis mwen yo epi yo ka poussiv mwen epi yo diskalifye nan resevwa sèten benefis nan lavni.
- Mwen konprann ke mwen ka deziyen yon reprezantan otorize lè mwen ranpli seksyon Reprezantan Otorize a epi soumet li ak aplikasyon sa a.
- Mwen konprann epi mwen dakò ke mwen responsab pou nenpòt deklarasyon fwod ki fèt sou aplikasyon sa a, menmsi se yon moun ki aji nan non mwen ki soumet aplikasyon an.
- Mwen konprann nenpòt moun ki anrichi kòm rezulta yon transfè byen oswa revni, ki ta afekte kalifikasyon mwen pou Swen Alontèm oswa Sèvis Kay ak Kominotè, pral responsab pou ranbousman benefis sa yo ki te mal atribute.
- Mwen te resevwa yon kopi dwa ak responsablite mwen, mwen te li yo oswa yon moun te li yo pou mwen, epi mwen konprann yo.
- Mwen konprann ke Depatman Sèvis Imen oswa reprezantan li yo ka kontakte mwen atravè metòd tankou imel ak mesaj tèks pou ede trete aplikasyon mwen an oswa mande kòmantè sou pwosesis aplikasyon an. Si mwen pa vle imel oswa mesaj tèks, mwen konprann Depatman Sèvis Imen ap toujou trete aplikasyon mwen an.
- Mwen konprann ke enfòmasyon ki antre nan aplikasyon sa a pral rete konfidansyèl epi sèlman pou administre benefis yo. Mwen otorize divilgasyon enfòmasyon pèsonèl, finansye ak medikal nan bi pou detèmine kalifikasyon.
- Mwen konprann ke nenpòt chanjman mwen oblige rapòt yo dwe rapòt nan 10 premye jou nan mwa ki vin apre mwa chanjman an oswa, pou Swen Alontèm ak Sèvis Domisil ak Kominotè, nan 10 jou apre chanjman an.
- Mwen konprann ke fanmi mwen an ka pèdi benefis SNAP si yon manm nan kay la resevwa lotri oswa jwèt aza ki egal oswa pi gran pase limit resous SNAP pou moun ki aje oswa andikape.
- Mwen konprann mwen pral resevwa yon avi alekri ki eksplike benefis yo. Si yo refize, chanje, sispann oswa kanpe benefis yo, avi alekri a pral eksplike poukisa.
- Mwen konprann mwen pral gen 30 jou (90 jou pou benefis SNAP (oupon pou manje)) apati dat avi a pou m mande yon odyans si mwen pa dakò ak desizyon yo pran sou aplikasyon sa a.
- Mwen konprann sitiyasyon mwen an sijè a verifikasiyon nan men anplwayè, sous finansye ak lòt twazyèm pati.
- Mwen konprann ke demandè yo dwe bay nimewo Sekirite Sosyal yo oswa aplike pou youn si yo pa genyen youn. Nimewo sa a ka itilize pou verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a.
- Mwen konprann mwen dwe itilize Transfè Elektwonik Benefis (EBT) oswa Kat PA ACCESS sèlman pandan peryòd mwen kalifye a. Mwen dwe itilize EBT oswa kat PA ACCESS la sèlman pou moun ki elijib la epi ki ka resevwa sèlman benefis ki nesesè epi ki rezonab.
- Mwen konprann mwen pa gen dwa sèvi ak lajan Asistans Lajan Kach ki soti nan kat PA ACCESS mwen an pou fè tranzaksyon EBT nan boutik alkòl, kazino (kazino jwèt aza, etablismen jwèt aza), oswa kote pou amizman gramoun.
- Mwen konprann ke mwen pa oblige bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou nenpòt moun ki pa aplike pou asistans. Si mwen bay nimewo Sekirite Sosyal yo, yo ka itilize li pou verifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a.

- Mwen sètifye ke tout enfòmasyon yo te antre yo se verite anba penalite pou fo temwayaj.
- Mwen konprann mwen gen dwa pou yon sètifikasi kouvèti kreditib pou verifye kouvèti medikal mwen an. Lalwa federal limite lè kouvèti Asistans Medikal ka refize oswa limite pou yon kondisyon ki dejà egziste. Si mwen enskri nan yon plan sante gwoup ki gen yon kloz kondisyon ki dejà egziste, mwen ka jwenn kredi pou tan mwen te resevwa Asistans Medikal.
- Mwen konprann ke si yo detèmine mwen elijib pou Asistans Medikal, yo pral mete m nan pake benefis Asistans Medikal ki pi konplè ki disponib pou mwen a. Mwen konprann ke mwen ka oblige enskri nan yon plan sante. Mwen konprann ke enskripsyon nan yon plan sante ka gratis oswa yon pri ki ba pou mwen, paske Depatman an peye yon frè mansyèl nan plan sante a pou mwen. Mwen konprann ke frè mansyèl la se yon frè kapitasyon. Mwen konprann ke si mwen resevwa Asistans Medikal ke mwen pa elijib pou, akòz eré, fwod, oswa nenpòt lòt rezon, lè sa a, mwen ka oblige ranbouse Depatman an tout frè mansyèl peye nan non mwen.
- Si mwen resevwa benefis lajan kach, mwen pral kolabore ak egzijans pwogram ranfòsman sipò timoun nan jan Depatman an mande a. Mwen bay Depatman an ak Seksyon Relasyon Domestik dwa pou poussiv ak kolekte lajan kach ak/oswa sipò medikal pou mwen memm ak lòt moun m ap aplike pou yo.
- Mwen konprann si mwen rapòt oswa bay prèv depans nan kay la, mwen pral jwenn kantite maksimòm benefis SNAP (oupon pou manje) yo otorize. Si mwen pa rapòt oswa bay prèv depans nan kay la, yo pral konsidere kòm deklarasyon mwen ke mwen pa vle resevwa yon dediksyon pou depans ki pa rapòt oswa ki pa pwouve yo. (Otorite: Depatman Agrikilti, Sèvis Manje ak Nitrisyon Etazini, Rejyon Mid-Atlantik, Avi Administratif 6-99, pibliye 4 janvye 1999).
- Mwen konprann mwen gen dwa pou resevwa kredi pou depans nan kay la nan moman mwen rapòt epi bay prèv yo nenpòt ki lè pandan peryòd sètifikasiyon SNAP mwen (oupon pou manje).
- Mwen konprann mwen gen dwa pou mande biwo asistans konte an (CAO) asistans pou jwenn prèv depans yo e ke CAO kapab kontakte lòt moun pou konfirmasyon si mwen gen pwoblèm pou jwenn prèv nenpòt bagay.
- Mwen konprann si kèk oswa tout moun k ap aplike yo pa kalifye pou Asistans Medikal, yo ka kalifye pou CHIP.
- Mwen konprann ke si kèk oswa tout moun k ap aplike yo pa kalifye pou Asistans Medikal atravè Depatman an, yo ka elijib pou benefis federal epi/oswa eksplorasyon swen sante prive atravè Pennsylvania's Health Insurance Marketplace (Pennie). Si se ka sa a, mwen otorize Depatman an bay Pennie non mwen ak enfòmasyon sou aplikasyon sa a.

• Renouvelman kouvèti nan ane k ap vini yo:

Pou rann li pi fasil pou detèmine si mwen gen kalifikasyon pou èd pou peye pou kouvèti asirans sante nan ane k ap vini yo, mwen dakò pou pèmèt Mache Asirans Sante Pennsylvania (Pennie) itilize done revni mwen an, enkli enfòmasyon ki soti nan deklarasyon taks. Pennie ap voye yon avi pou mwen, pou fè m konnen nenpòt chanjman, epi mwen ka dezabone a nenpòt ki lè.

Wi, renouvre elijibilité mwen otomatikman pou lòt: (Koche youn):

- Senk lane (pi gwo kantite ane yo pèmèt)
- Kat lane
- Twa lane
- De lane
- Yon lane
- Pa sèvi ak enfòmasyon mwen nan deklarasyon taks pou renouvre kouvèti mwen an.

ATANSYON: Si w pale yon lòt lang, sèvis asistans pou lang, gratis, disponib pou ou. Rele 1-800-692-7462 (TDD: 711).

ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-800-692-7462 (TDD: 711).

注意：如果您使用繁體中文，您可以免費獲得語言援助服務。請致電 1-800-692-7462 (TDD: 711)。

ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вы можете воспользоваться бесплатными услугами перевода. Звоните 1-800-692-7462 (телефон: 711).

CHÚ Ý: Nếu bạn nói Tiếng Việt, có các dịch vụ hỗ trợ ngôn ngữ miễn phí dành cho bạn. Gọi số 1-800-692-7462 (TDD: 711).

પ્રયોગઃ પેસીન્ડામ્પુક્સીયાય કાસાદ્ધર, સેવાંદ્ધયાંત્રકગાણ ખાયચીન્કીન્ફ્લ્યુલ ક્રીમાન્દાનસ્ગ્રેપ્બેન્કુકાં
છુા કુંસંટ્ર 1-800-692-7462 (TTY: 711)ા

ملحوظة: إذا كنت تتحدث لغة أخرى، فسوف تتوفر لك خدمات المساعدة اللغوية مجاناً. اتصل برقم 1-800-692-7462 (رقم هاتف الصم والبكم: 711)

주: 한국어를 사용하시는 경우, 언어 지원 서비스를 무료로 이용하실 수 있습니다. 1-800-692-7462 (TDD: 711) 번으로 전화해 주십시오.

સુચના: જો તમે ગુજરાતી બોલતા હો, તો નિઃશુલ્ક ભાષા સહાય સેવાઓ તમારા માટે ઉપલબ્ધ છે.
ક્રોન કરો 1-800-692-7462 (TTY: 711).

ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-800-692-7462 (ATS : 711).

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-800-692-7462 (TDD: 711).

লক্ষ্য করুন: আপনি যদি বাংলায় কথা বলতে পারেন, তাহলে আপনি বিনা খরচে ভাষা সহায়তা পরিষেবা নিতে
পারেন। 1-800-692-7462- নম্বরে কল করুন (TTY: 711)।

သတိပြုရန် - အကယ်၍ သင်သည် မြန်မာစကား ကို ပြောပါက၊ ဘာသာစကား အကူအညီ အခမဲ့ သင့်အတွက် စီစဉ်ဆောင်ရွက်ပေးပါ
မည်။ ဖုန်းနံပါတ် 1-800-692-7462 (TTY: 711) သို့ ခေါ်ဆိုပါ။

ATENÇÃO: Se fala português, encontram-se disponíveis serviços linguísticos, grátis. Ligue para 1-800-692-7462 (TDD: 711).

KUJDES: Nëse flitni shqip, për ju ka në dispozicion shërbime të asistencës gjuhësore, pa pagesë. Telefononi në 1-800-692-7462 (TDD: 711).

ধ্যান দিনুহোস্ঃ: যদি তপাঈ় নেপালী ভাষা বোলুন্ত মনে ভাষা সহায়তা সেবাহরু তপাঈ়কो লাগি নিঃশুল্ক রূপমা
উপলব্ধ ছন। 1-800-692-7462 (TDD: 711)

